



Pou Piblikasyon Imedya: 16/12/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA YO AKÒDE POU PWOJÈ KOMÈSYAL AK ITILIZASYON MIKS NAN EAST SIDE BUFFALO A

*35 pwojè komèsyal ak pwojè pou itilizasyon miks te resevwa finansman pou renovasyon ak devlopman espas vid*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman enpòtan nan East Side (Kot Lès) Buffalo a, li bay 10 milyon dola nan nouvo Fon Konstriksyon East Side la pou 35 pwojè komèsyal ak pwojè pou itilizasyon miks. Finansman esansyèl sa a dedye pou akselere renovasyon bilding prive ak devlopman espas vid, pou sipòte dirèkteman revitalizasyon koridò komèsyal yo atravè East Side la. Fon 10 milyon dola a, ke [Gouvènè a te anonse pou premye fwa an me 2025](#), make yon lòt etap nan angajman kontinyèl eta a pou kreye sant ekonomik pwospè nan East Side la.

"Prim Fon Konstriksyon East Side yo reprezante deplwaman estratejik resous administrasyon nou an te angaje pou pi byen sèvi bezwen kominote a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou diminye fado finansye sou pwopriyetè yo, n ap investi dirèkteman nan koridò komèsyal nou yo, pou asire yo revitalize epi pi byen ekipe pou ankre epi sipòte katye East Side yo pou ane k ap vini yo."

Pami benefisyè yo genyen:

- **Loads of Love – Brandi Barrett, 61 Laurel Street, Buffalo, NY 14209:** Brandi Barrett se yon diplome nan Pwogram Fòmasyon Devlopman Imobilye ki Baze nan Kominote a (Community Based Real Estate Development Training Program). Loads of Love pral yon nouvo bilding ki gen de etaj pou itilizasyon miks, avèk yon lenjri ak yon kafe kominotè, ansanm ak inite lojman abòdab.
- **Legacy Developers – Ellen Shareef, 273 Hickory Street, Buffalo, NY 14204:** Ellen Shareef se yon diplome nan Pwogram Fòmasyon Devlopman Imobilye ki Baze nan Kominote a. 273 Hickory se yon pwojè reyitilizasyon adaptatif pou itilizasyon miks ki pral kreye 29 apatman abòdab ak plis pase 557 mètr kare (6,000 pye kare) espas komèsyal nan katye Willert Park la.
- **Styles of Man – Hakeem Hicks, 1348 East Delavan Avenue, Buffalo, NY 14215:** Hakeem Hicks se yon diplome nan Pwogram Fòmasyon Devlopman Imobilye ki Baze nan Kominote a. Yo pral itilize fon pou ti pwojè yo pou amelyorasyon fasad tankou fenèt, pòt ak ovan, ansanm ak amelyorasyon sistèm chofaj, vantilasyon ak efikasite enèji nan espas komèsyal la.

- **Ladies of Charity of Buffalo – Kathleen Roseti, 1122 Broadway, Buffalo, NY 14212:** Yo pral itilize lajan pou ti pwojè yo pou fè renovasyon deyò tankou nouvo ansèy, fenèt, yon nouvo twati, reparasyon masonnri, ak amelyorasyon ekleraj nan boutik dezyèm men volontè ap jere a, ki sèvi fanmi ki gen tibebe ansanm ak sèvis sosyal ki mache avè l yo.
- **Phat Catz Restaurant & Bar – Kim Collins-Jones, 965 Kensington Avenue, Buffalo, NY 14215:** Yo pral itilize fon pou ti pwojè yo pou amelyorasyon ekstèn tankou nouvo ansèy, penti, ekleraj ak fenèt epi amelyorasyon enteryè pou amelyore operasyon restoran an.
- **Doris Records – Derrick Luchey, 284 E Ferry Street, Buffalo, NY 14208:** Yo pral itilize fon pou ti pwojè yo pou amelyorasyon eksteryè tankou fenèt ak pòt, mason ak twati ansanm ak HVAC, amelyorasyon elektrisite ak lòt amelyorasyon efikas nan Doris Records, yon biznis prensipal nan koridò Jefferson ki an fonksyon depi 1962.
- **Imperial Food Market – Sameer Salem, 3039-3045 Bailey Avenue, Buffalo, NY 14215:** Yo pral itilize fon pou ti pwojè yo pou amelyorasyon fasad ekstèn, reparasyon twati, ak amelyorasyon elektrik efikas nan mache kominotè Imperial Foods Kensington Bailey la.

**Brandi Barrett, fondatè ak ko-pwopriyetè Barrett & Benitez Development, te deklare,** "Angajman Gouvènè Hochul genyen anvè East Side Buffalo a kontinye refleto nan moman tankou sa a! Angajman li pou reyenvesti te deklanche yon vrè chanjman kote pwojè transfòmasyon tankou Loads of Love ka vin yon vrè reyalyte. Nou rekonesan anvè Empire State Development ak ekip lokal yo a non sèlman paske yo konprann bezwen pou sèvis esansyèl tankou yon lenjri, men tou paske yo konprann istwa nou, yo te tande difikilte nou yo, epi yo te rezoud pwoblèm epi sipòte nou pandan tout pwosesis la. Mèsi, Gouvènè Hochul, ESD, ak tout Vil Buffalo a!"

Fon Konstriksyon East Side la soti nan yon kolaborasyon k ap kontinye ant Empire State Development (ESD), òganizasyon filantropik, ak kominote a pou amelyore koridò komèsyal ki nan zòn East Side la Kolaborasyon an genyen ladan l sibvansyon pou amelyore devan magazen yo ak lòt mizajou, finansman pou konsolide imèb a risk yo epi bay fòmasyon nan imobilye ak asistans finansye pou pwochè jenerasyon devlopè k ap emèje yo toupatou nan East Side.

Fon Konstriksyon East Side la ofri asistans sou de aks ki baze sou gwosè yon pwojè:

- **Ti Pwojè** – ki la pou pwojè ki enplike plis renovasyon konvansyonèl nan bilding ki egziste, k ap bay sibvansyon ki kouvri jiska 90 pousan depans pwojè total pou atik tankou twati, estabilizasyon estriktirèl, ak devan/fasad ak amelyorasyon siyalizasyon yo. Sibvansyon maksimòm nan se 400,000 dola epi l ap administre atravè patnè kominotè ESD a, Heart of the City Neighborhoods, Inc., k ap peye kontraktè konstriksyon yo dirèkteman pou minimize depans dirèk benefisyè yo.
- **Pwojè Ankraj** – ki la pou pi gwo pwojè yo, k ap bay sibvansyon k ap ranbouse jiska 50 pousan depans pou pwojè total yon benefisyè, jiska yon maksimòm 2

dola pou pwojè ki enplike gwo restorasyon, retilizasyon adaptasyon, nouvo konstriksyon ak amelyorasyon sit asosye yo.

Pou kalifye, pwojè a dwe enplike yon pwopriyete komèsyal oswa itilizasyon mik (tankou devan yon bildig ki gen espas komèsyal nan premye etaj ak espas rezidansyèl nan etaj ki anlè yo) epi ki sitiye nan East Side Buffalo, de preferans nan yon distri komèsyal ki priyorite oswa sou kote I (Jefferson Avenue, Fillmore Avenue, Michigan Avenue, Genesee Street ak Bailey Avenue, pami lòt yo). Onz nan patisipan fon an se gradye nan Pwogram Fòmasyon Devlopman Imobilye ki Baze nan Kominote a, yon reprezantasyon bezwen kontinyèl pou sipòte devlopè emèjan Buffalo yo pandan y ap chèche amelyore kominote yo.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare,** "Prim Fon Konstriksyon East Side yo reprezante plis pase yon senp investisman kapital — yo se yon etap enpòtan nan avni pataje Buffalo a. Lè nou asosye dirèkteman ak pwopriyete devwe sa yo, n ap asire finansman sa a deklanche yon nouvo vitalite ekonomik nan tout koridò komèsyal East Side yo."

Fon Konstriksyon East Side la te devlope espesyalman apati twa ansyen pwogram ESD (Pwogram Distri Komèsyal East Side la, Fon Estabilizasyon Imèb Komèsyal, ak Fon Pwogram Fòmasyon pou Devlopman Imobilye Kominotè) (East Side Commercial Districts Program, Commercial Building Stabilization Fund and Community-Based Real Estate Development Training Program Fund). Twa ansyen pwogram ESD yo te reyisi nan ede revitalize East Side Buffalo a epi edike e responsabilize yon nouvo gwoup devlopè nan tout Buffalo, ki abouti sou plis pase 60 pwojè k ap resewa kapital ak sipò pou pre-devlopman.

**Senatè Eta April N.M. Baskin, te deklare,** "Pandan ane 2025 la ap fini, se yon bon nouvèl pou nou aprann ke yo te bay prim 10 milyon dola nan men Fon Konstriksyon East Side la. Gouvènè Hochul ak ekip li a kontinye demontre ke kot lès Buffalo a merite finansman enpòtan pou sipòte devlopman ekonomik atravè pwojè enfrastruktir, disponiblite lojman, espas komèsyal, efikasite enèji, ak amelyorasyon fasad. Gras a efò kolaborasyon sa a avèk Empire State Development, òganizasyon filantwopik yo, ak lidè kominotè yo, kòmansman nouvo ane a sanble pwomèt pou vwazen nou yo ki rete angaje nan revitalize koridò komèsyal sa yo."

**Senatè Eta a, Sean Ryan, te deklare,** "Anons sa a reflekte kalite investisman ki oryante sou katye yo ke East Side bezwen an. Envesti nan koridò komèsyal yo epi sipòte pwopriyete lokal yo ede kreye djòb, elaji sèvis yo, epi bati richès kominotè nan kote yo te twò souvan neglije. Mèsi Gouvènè Hochul ak Empire State Development paske yo te bay priyorite ak investisman estratejik sa yo ki pral ekipe rezidan yo, sipòte ti biznis yo, epi alimante kwasans ekonomik nan Buffalo."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Men ak kisa angajman pou reyenvestisman sanble. Empire State Development ak Fon Konstriksyon

East Side la ap ede rebati kominote yo lè yo ede pwopriyetè yo investi nan pwopriyete pa yo. Amelyore biznis ak lòt pwopriyete nan East Side ede amelyore tout Vil Buffalo a."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz, te deklare,** "Nouvo Fon pou Konstriksyon East Side la deja gen yon enpak dirèk isit la nan Buffalo, l ap investi nan pwojè ki revitalize biznis yo ak redinamize katye yo. Pwojè tankou sa yo kreye kominote ki pi solid, yon bilding alafwa, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon ak angajman li pou fè investisman sa yo nan Buffalo."

**Majistra Vil Buffalo, Christopher P. Scanlon, te deklare,** "Investisman 10 milyon dola sa a se yon vòt konfyans pwisan nan East Side Buffalo a ak nan pwopriyetè ti biznis ak devlopè yo k ap estimile revitalizasyon li an. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li anvè vil nou an ak ki kreye opòtinite ekonomik reyèl ak dirab nan katye nou yo. Investisman adisyonèl sa a ki soti nan men Gouvènè Hochul la bati sou sipò kontinyèl administrasyon mwen an pou ti biznis yo ak gwo investisman nou yo nan enfrastrikti ak peyizaj East Side yo sou Jefferson Avenue ak Bailey Avenue — sa asire ke reyinvestisman an mache ak amelyorasyon piblik ki ranfòse koridò komèsyal nou yo epi ede East Side la kontinye grandi kòm yon kote ki dinamik pou viv, travay, ak fè biznis."

**Chaje Pwogram Prensipal Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr., Eric Phamdo te deklare,** "Nou fyè dèske nou ede kraze baryè pou devlopè emèjan yo ak ti pwopriyetè yo pandan n ap fè pwomosyon pou yon kwasans ekonomik ki pi ekitab atravè devlopman lokal atravè East Side Buffalo a."

**Vis Prezidan Egzekitif nan M&T Bank Community Reinvestment, Brad Dossinger, te deklare,** "Fon Konstriksyon East Side la se yon investisman vital nan katye nou yo ak nan avni Buffalo. Lè nou ekipe pwopriyetè yo pou retabli vitrine magazen yo, prezève moniman istorik yo epi kreye nouvo espas pou biznis yo pwospere, n ap ranfòse koridò komèsyal yo ki te sèvi depi lontan kòm kolòn vètebral kominote East Side yo. M&T Bank gen onè pou sipòte efò sa a atravè Patenarya Revitalizasyon Rejyonal la epi nou angaje pou asire pwojè sa yo mennen kwasans ekonomik dirab ak fyète kominotè pou jenerasyon k ap vini yo."

**Direktè Devlopman Kominotè Five Star Bank, Karla J.L. Gadley, te deklare** "Angajman nou anvè kominote sa a ale pi lwen pase zafè bank. Nou vize investi nan moun, kote, ak posiblite ki fè East Buffalo fò. RRP a reprezante egzakteman kalite efò kolaborasyon Five Star Bank kwè nan li a, kote resous piblik, investisman prive, ak vizyon kominote a reyini pou kreye yon chanjman dirab. Investisman sa a pral ede debloke yon potansyèl fòmidad epi demontre sa ki posib lè nou travay ansanm ak vwazen nou yo pou konstwi yon avni ki pi pwospè nan Buffalo."

**Chiwuiké Owunwanne, ki se Ofisyè Responsablite Kòporatif ak Relasyon Kominotè nan KeyBank, te deklare,** "Dènye investisman Empire State Development sa a pral bay pwopriyetè yo nan East Side Buffalo yon gwo bourad ki pral ede katye yo ak biznis yo grandi ak pwospere. Sa ap ede kontinye pote kwasans transfòmasyonèl

nan pati sa a nan vil la, epi KeyBank fyè pou l kanpe avèk tout òganizasyon k ap ede sipòte inisyativ enteresan sa a."

### **Enfòmasyon sou Patenarya pou Revitalizasyon Rejyonal la**

[Patenarya pou Revitalizasyon Rejyonal](#) (Regional Revitalization Partnership, RRP) la se yon estrateji devlopman ekonomik konplè 300 milyon dola ak patenarya piblik-prive ki maksimize enpak epi eksplwate envestisman adisyonèl pou East Side Buffalo, Niagara Falls ak Rochester. Estrateji kolaborasyon ki baze sou kominote sa a pran yon apwòch global pou devlopman ekonomik epi li fèt pou konstwi richès kominote a atravè plizyè chemen. RRP a te devlope nan kolaborasyon ak Gouvènè Eta Nouyòk Kathy Hochul ak Empire State Development (ESD) epi li sipòte pa ESL, Evans Bank, Fondasyon Max and Marian Farash Charitable, Five Star Bank, KeyBank/Fondasyon First Niagara, Fondasyon William & Sheila Konar, M&T Bank, NBT Bank, Fondasyon John R. Oishei, Fondasyon Ralph C. Wilson, Jr. ak patnè nan vil Buffalo, Niagara Falls ak Rochester. Se Sant pou [Estrateji Rejyonal yo ki dirije aplikasyon pwogram RRP a](#).

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè Eta a. Avèk biwo nan chak nan 10 rejyon Eta a, ESD sipèviz [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal](#), sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development) la.

Ajans lan angaje ak endistri ki ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semikondiktè ki ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal Eta yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [esd.ny.gov](http://esd.ny.gov), epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X, ke yo te rele Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)